



Pwosè Sitwayente: Kesyon yo poze souvan

Sa ki si...

...Mwen bezwen pran yon lòt dat randevou mwen an?

Ou dwe voye avi a ak yon lèt ak rezon ki fè la pou pran yon lòt randevou. Adrès USCIS ak numewo sèvis kliyan ou sou avi ou nan.

...Mwen manke randevou mwen an?

Tanpri al gade enstriksyon pi wo a. Ou ka rele sèvis kliyan USCIS nan 1-800-375-5283 pou sa eksplike poukisa ou pa te kapab fè randevou w la, epi mande pran yon lòt randevou. Ou dwe gen nimewo resi ou a (li kòmanse ak NBC* oswa IOE) ki disponib lè ou rele. Tanpri note ke si ou pa kontakte USCIS pandan 30 jou apre randevou ou te manke an, yo pral fèmen aplikasyon nan.

...Mwen bezwen vwayaje?

Mande yon moun pou tcheke lapòs ou pandan ou pa la pou sa okouran de nenpòt avi ke rive. Si ou pral vwayaje pandan randevou ou ak USCIS, ou dwe mande pran yon lot randevou jis avan tan li. Swiv enstriksyon yo ki sou avi a.

...Egzansyon frè mwen rejte?

Ou ka toujou kalifye pou yon egzansyon frè!

Si egzansyon frè ou rejte, yo pral retounen tout aplikasyon ou nan pa lapòs. Ou ka bezwen remèt yon nouvo lèt benefis, yon kopi taks ou, oswa lòt dokiman. Si ou resevwa egzansyon rejte frè ou, tanpri rele Pwojè Sitwayènte.



Pwosè Sitwayente: Kesyon yo poze souvan

Sa ki si...

...Mwen deplase?

Tanpri, kite Pwojè Sitwayènte konnen chanjman adrès ou. Si ou demenaje anvan seremoni sèman ou, ou dwe chanje adrès ou ak USCIS! Ou dwe ranpli tou de etap pi ba a:

1. Voye pa lapòs Fòm AR-11, OSWA ranpli Chanjman Nan Adrès ou sou Entènèt (disponib nan www.uscis.gov/ar-11).
2. Chanje adrès ou sou nenpòt aplikasyon ki annatant lè ou rele 1-800-375-5283. Pare nimewo resi ou (li kòmanse ak NBC* or IOE).

...Mwen pa ap resevwa nenpòt lapòs?

Premyèman, rele Pwojè Sitwayènte pou konnen si nou resevwa nenpòt avi pou ou. Tanpri tcheke adrès ou ki sou kopi aplikasyon ou nan pou wè si li te renpli kòrèkteman. Si ou remake yon chanjman nan adrès la, (gade anwo a) enfome Pwojè Sitwayènte.

...Kat vèt mwen ekspire?

Si kat rezidan pemanan ou (kat vèt) ekspire, ou ka toujou fè aplikasyon, oswa gen nan pwosè pou k ap aplike, pou sitwayènte. Ou pa ka vwayaje ak yon kat vèt ekspire. Si ou bezwen yon kat ki valab pou vwayaje oswa travay anvan ou natirize, ou bezwen renouvle kat vèt ou.

...Zanmi mwen oswa fanmi mwen vle aplike?

Pwojè Sitwayènte resevwa zanmi oswa fanmi kòm kliyan nou. Tanpri ba yo nimewo nou epi fè yo rele nou dirèkteman pou nou ka detèmine kalifikasyon yo pou sitwayènte.